

Avi Piblik Konsènan Pwovizyon Eljibilite Kominotè a

Chè Paran oswa Gadyen:

Pitit ou a ka resevwa dejene ak manje midi gratis nan lekòl ane sa a! Nou kontan enfòmè w ke Match Charter Public School (“Match”) pral patisipe nan yon opsyon ki disponib pou lekòl k ap patisipe nan Pwogram Manje Midi ak Dejene Nasyonal Lekòl la, yo rele Pwovizyon Eljibilite Kominotè a (CEP).

Kisa sa vle di pou ou menm ak pitit ou yo ki ale nan Match?

Bon nouvèl pou ou menm ak pitit ou yo! Tout elèv ki enskri nan Match kalifye pou resevwa yon bon dejene ak manje midi nan lekòl la san okenn frè pou fanmi ou pandan tout ane lekòl k ap vini an. Ou pa bezwen pran okenn lòt aksyon. Pitit ou yo ap kapab patisipe nan pwogram repa sa yo san yo pa peye okenn frè oswa soumèt yon aplikasyon.

Si ou bezwen plis enfòmasyon, tanpri kontakte nou nan lekòl la. Ou kapab tou voye kesyon ou yo pa imèl nan admissions@matcheducation.org

Pwogram CEP a patwone pa Depatman Agrikilti Etazini, yon founisè ak anplwayè ki bay opòtinite egal, epi li administre pa Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts.

Deklarasyon non diskriminasyon

An akò avèk lwa federal sou dwa sivil yo ak règleman ak politik dwa sivil Depatman Agrikilti Etazini (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou l fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite seksyèl ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa revanj pou aktivite dwa sivil anvan yo.

Enfòmasyon sou pwogram nan ka disponib nan lòt lang apa angle. Moun ki andikape ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp, Bray, gwo karaktè, kasèt odyo, Lang Siy Ameriken) ta dwe kontakte ajans leta oswa lokal ki responsab ki administre pwogram nan oswa Sant TARGET USDA a nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa atravè Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon konsènan yon pwogram, moun ki pote plent lan dwe ranpli Fòm AD-3027, Fòm Plent pou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a, ke ou ka jwenn sou entènèt nan: [Fòm Plent pou Diskriminasyon USDA a](#), nan nenpòt biwo USDA, nan rele (866) 632-9992, oubyen nan voye yon lèt bay USDA a. Lèt la dwe gen ladan non, adrès ak nimewo telefòn moun ki pote plent lan, ansanm ak yon deskripsyon detaye sou swadizan aksyon diskriminatwa a, ak ase enfòmasyon pou Sekretè Adjwen pou Dwa Sivil (ASCR) la konprann nati ak dat swadizan vyolasyon dwa sivil la. Yo dwe soumèt Fòm AD-3027 ki ranpli a oubyen lèt la bay USDA a atravè:

1. kouryèl:

U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410; or

2. faks: (833) 256-1665 or (202) 690-7442; or

3. imel: program.intake@usda.gov

Enstitisyon sa a ofri opòtinite egal.

Modifikasyon nan repa nan pwogram nitrisyon timoun yo

SÈTIFIKA MEDIKAL POU MANDE REPA ESPESYAL AK/OSWA AKOMODASYON NAN PWÒGRAM NITRISYON TIMOUN YO: ENSTRIKSYON

***Nòt: An akò avèk 7 CFR, Pati 226.20 ak Enstriksyon FNS 783-2, Rev. 1, sibstitisyon manje pou rezon medikal ka fèt sèlman avèk yon sètifika medikal alekri. Sètifika sa a dwe gen ladan rezon medikal la ak manje altènatif rekòmande yo.

1. **Lekòl/Ajans:** Ekri non lekòl la oswa ajans k ap bay fòm nan bay paran an oswa gadyen legal la.
2. **Kote:** Ekri non kote y ap sèvi manje yo (pa egzanzp, lekòl, gadri, sant kominotè, elatriye).
3. **Nimewo Telefòn Kote a:** Ekri nimewo telefòn kote y ap sèvi manje yo. Gade atik #2 a.
4. **Non Patisipan an:** Ekri non timoun nan oswa granmoun enfòmasyon an konsène a.
5. **Laj Patisipan an:** Ekri laj patisipan an. Pou tibebe yo, bay dat nesans lan.
6. **Non Paran/Gadyen Legal la:** Ekri non moun k ap mande enfòmasyon medikal patisipan an.
7. **Nimewo Telefòn:** Ekri nimewo telefòn paran an oswa gadyen legal la.
8. **Tcheke yon sèl opsyon:** Tcheke yon sèl kaz pou endike si patisipan an gen yon andikap oswa non. 9. Andikap oswa Pwoblèm Medikal ki Bezwen yon Repa Espesyal oswa yon Akomodasyon: Dekri pwoblèm medikal ki mande yon repa espesyal oswa yon akomodasyon (pa egzanzp, dyabèt jivenil, alèji pistach, elatriye).
9. **Si patisipan an gen yon andikap, bay yon ti deskripsyon sou prensipal aktivite lavi patisipan an ki afekte pa andikap la:** Dekri kijan andikap la afekte kondisyon fizik oswa medikal la. Pa egzanzp: "Alèji pistach la lakòz yon reyaksyon ki menase lavi."
10. **Preskripsyon ak/oswa adaptasyon dyetetik: Dekri yon rejim oswa yon adaptasyon espesifik yon doktè preskri, oswa dekri modifikasyon dyetetik ki mande pou yon kondisyon ki pa andikape. Pa egzanzp:** "Tout manje dwe nan fòm likid oswa pire. Patisipan an pa ka konsome manje solid."
11. **Endike teksti a:** Tcheke kaz ki koresponn ak kalite teksti manje ki nesèsè a. Si patisipan an pa bezwen okenn modifikasyon, tcheke "Regilye."
12. **Manje ki pa dwe manje:** Lis manje espesifik ki pa dwe manje. Pa egzanzp, "pa mete bè pistach." B. Sibstitisyon sijere: Lis manje espesifik ki ta dwe enkli nan rejim alimantè a. Pa egzanzp, "bè grenn tounsòl."
13. **Ekipman Adaptatif:** Dekri ekipman espesifik ki nesèsè pou ede patisipan an manje. (Egzanzp yo ka gen ladan yon tas ak yon pay, yon kiyè ak yon gwo manch, mèb aksesib pou chèz woulant, elatriye.)
14. **Siyati Moun ki Prepare Fòm lan:** Siyati moun ki ranpli fòm lan.
15. **Non an lèt detache:** Ekri non moun ki ranpli fòm lan.
16. **Nimewo Telefòn:** Nimewo telefòn moun ki ranpli fòm lan.
17. **Dat:** Dat moun ki prepare fòm lan te siyen fòm lan.
18. **Siyati Otorite Medikal la:** Siyati otorite medikal ki mande repa espesyal la oswa aranjman an.
19. **Non an lèt detache:** Ekri non otorite medikal la.

20. **Nimewo Telefòn:** Nimewo telefòn otorite medikal la.

21. **Dat:** Dat otorite medikal la te siyen fòm lan. Lwa sou Amannman Lwa Ameriken sou Andikap yo defini yon "andikap," an pati, kòm yon andikap fizik oswa mantal ki limite anpil youn oswa plizyè aktivite enpòtan nan lavi oswa fonksyon enpòtan nan kò yon moun. (Pou plis enfòmasyon sou definisyon andikap la, gade Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon 1973 la ak Lwa sou Amannman Lwa Ameriken sou Andikap 2008 la). Ou ka jwenn enfòmasyon sou ADA a, ki te elaji definisyon andikap la, nan [lyen]:

<http://www.law.georgetown.edu/archiveada/documents/ComparisonofADAandADAAA.pdf>

Enstitisyon sa a se yon founisè ki bay opòtinite egal.

Meal Modification Request Form

Student Name		School	
What Food(s) Should be Avoided:		Recommended Substitutions:	
Brief Explanation of How Exposure to the Food(s) Effects the Child:			
Are There Any Other Modifications to the Meal Needed:			
Signature of Parent/Guardian		Printed Name	Date
Signature of Medical Authority		Printed Name	Date

In accordance with Federal civil rights law and U.S. Department of Agriculture (USDA) civil rights regulations and policies, the USDA, its Agencies, offices, and employees, and institutions participating in or administering USDA programs are prohibited from discriminating based on race, color, national origin, sex, disability, age, or reprisal or retaliation for prior civil rights activity in any program or activity conducted or funded by USDA.

Persons with disabilities who require alternative means of communication for program information (e.g. Braille, large print, audiotape, American Sign Language, etc.), should contact the Agency (State or local) where they applied for benefits. Individuals who are deaf, hard of hearing or have speech disabilities may contact USDA through the Federal Relay Service at (800) 877-8339. Additionally, program information may be made available in languages other than English.

To file a program complaint of discrimination, complete the [USDA Program Discrimination Complaint Form](#), (AD-3027) found online at: [How to File a Complaint](#), and at any USDA office, or write a letter addressed to USDA and provide in the letter all of the information requested in the form. To request a copy of the complaint form, call (866) 632-9992. Submit your completed form or letter to USDA by:

mail: U.S. Department of Agriculture
 Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
 1400 Independence Avenue, SW
 Washington, D.C. 20250-9410;

fax: (202) 690-7442; or

email: program.intake@usda.gov.

This institution is an equal opportunity provider.

This institution is an equal opportunity provider.

Règleman sou Plent Dwa Sivil yo

Match Charter Public School la ap konfòme li avèk egzijans dwa sivil ki tabli nan Enstriksyon 113-1 Sèvis Manje ak Nitrisyon (FNS) ak Memorandòm Antant 2016 ant Divizyon Dwa Sivil Sèvis Manje ak Nitrisyon Depatman Agrikilti Etazini an ak Biwo Pwogram Manje ak Nitrisyon Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts la. Si yon patisipan, yon paran/gadyen legal, oswa yon patisipan potansyèl depoze yon plent ki gen rapò ak yon kategori pwoteje pa lalwa federal oswa leta, nou pral resevwa, aksepte, dokimante, epi pataje plent lan oswa enkyetid la an akò avèk pwosedi ki dekri la a.

Pwosedi pou depoze plent konsènan vyolasyon dwa sivil yo

Enfòmè moun ki petèt te viktim diskriminasyon an, oubyen ki kwè li te viktim, sou dwa li genyen pou l depoze yon plent fòmèl. Konsidere si li apwopriye pou avèti paran yo oubyen gadyen legal yo.

- Ofri pou pataje etap pwosesis plent lan epi enfòmè yo ke yo ka depoze yon plent anonimman.
- Mande yo si yo ta renmen depoze yon plent fòmèl.
- Si repons lan se non, mande moun nan kijan ou ka ede yo. Klarifye sa yo vle ou fè ak enfòmasyon y ap bay la.
- Sa ka yon moun ki rapòte yon enkyetid paske yo vle ou menm oswa yon lòt moun ede yo epi yo pa enterese nan depoze yon plent fòmèl sou dwa sivil.
 - Lè moun nan endike ke pwoblèm nan rezoud, pa gen okenn lòt aksyon ki pral nesèsè.
- Si repons lan se wi, eksplike pwosesis plent USDA a epi klarifye si yo vle itilize pwosesis USDA a poukont yo oswa si yo vle ou "aksepte" plent yo a oswa ede yo depoze l bay USDA a.
 - Si yo vle depoze plent lan poukont yo, mande si gen lòt bagay ou ka fè pou ede rezoud pwoblèm nan antretan, epi pa gen okenn lòt aksyon ki pral nesèsè.
 - Si yo vle ou "aksepte" plent lan: Aksepte li, dokimante li, epi pataje li jan yo enstwi l anba a.

Yo aksepte plent ofisyèl nan nenpòt fòm.

- *Sonje anvan ou kòmanse etap sa a: Yon moun ka ap "rapòte yon pwoblèm" ke yo vle yo adrese, men san yo pa depoze yon plent dwa sivil fòmèl. Asire w ou klarifye entansyon yo. Si yo deside pou yo pa depoze yon plent dwa sivil fòmèl, kontinye chèche yon rezolisyon ki akseptab pou tou de bò yo*
- Fason lekòl la aksepte plent yo ta dwe detèmine nan nivo lokal la epi dekri isit la. Kenbe nan tèt ou ke gen kèk aspè ou pral bezwen konsidere lè w ap devlope pwosedi sa yo.
 - Pwosedi pou pote plent pa ka anpeche yo aksepte yon plent.
 - Pwosedi yo pa ka egzije pou swiv pwosesis pou pote plent lan se yon kondisyon pou yo aksepte yon plent.
 - Lekòl la pa ka egzije pou yo soumèt yon plent sèlman atravè yon fòm espesifik, bay yon moun espesifik, oswa nan yon dat oswa yon lè espesifik. Yo ka ofri itilizasyon yon fòm estanda oswa refere moun nan bay yon moun an patikilye, men anfen, si yon moun vle depoze yon plent vèbalman nan moman sa a, yo dwe aksepte plent lan.

Dokiman: Plent lan anrejistre nan yon rejis plent espesifik pou Pwogram Nitrisyon Timoun yo.

- Ki jan yo te soumèt plent lan? Alekri oswa oralman?
- Manm pèsonèl ki te resevwa plent lan dwe transkri li.
- Esansyèlman, nenpòt moun ki resevwa yon plent dwe dokimante ensidan an lè li ranpli chan yo nan jounal plent lan.
- Si yo soumèt plent lan oralman, yo dwe anrejistre yon rezime detaye sou li.
- Omwen, dosye a dwe gen ladan non(yo) moun ki pote plent lan, enfòmasyon pou kontakte yo, kote a (ki gen ladan peyi a), nati ak dat swadizan diskriminasyon an, non(yo) moun(yo) ak òganizasyon(yo) ki swadizan enplike nan diskriminasyon an, baz swadizan diskriminasyon an, dat yo te refere plent lan bay Divizyon Dwa Sivil FNS la, rezilta nenpòt ankèt FNS te fè, ak yon deskripsyon rezolisyon final plent lan, ki gen ladan nenpòt aksyon korektif ki te planifye oswa aplike.
- Ou ka jwenn yon modèl dosye echantyon sou [paj wèb Dwa Sivil nou an](#)

Pataje plent lan bay FNS CRD nan 5 jou.

- • Voye yon kopi reklamasyon ou te aksepte a lè l sèvi avèk nenpòt nan metòd sa yo:
 - adrès postal:

U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410;

- faks: (202) 690-7442; or
- imel: program.intake@usda.gov